# «НМПИ» волейбол командасы клублар арасындағы Азия чемпионатына қатнасады

Бүгин, 28-декабрь күни Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында волейбол бойынша Өзбекстан суперкубогы жарысында жеңимпаз болып, абсолют чемпионлықты қолға киргизген «НМПИ» ҳаял-қызлар сайланды командасы ағзалары салтанатлы түрде күтип алынды.

Image not found or type unknown

Илажға институт ректораты, профессор-оқытыўшылар, кең жәмийетшилик ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери қатнасты.

Институттың жаслар менен ислесиў мәселелери бойынша проректоры Қ.Қадиров, дене мәдениятлы факультети деканы А.Утепбергенов қызларымыздың бул жетискенлиги халқымыз ушын жаңа жылға әжайып саўға болғанлығын атап өтти.

Image not found or type unknown

Қуўанышлы тәрепи, «НМПИ» командасы келеси жылы Қытайда болып өтиўи жобаластырылған клублар арасындағы Азия чемпионатына қатнасады. Соның менен бирге, команданың 7 ағзасы Өзбекстан сайланды командасы қурамына алынып, 2021-жылы болып өтетуғын Азия чемпионатына қатнасыў ушын таярлықлар алып бармақта.

НМПИ баспасөз хызмети